*жамаған»(қақпан)*, балықшыға байланыслы «*Басы бар да шашы жоқ, көзи бар да қасы жоқ»(балық)*, саўдагерге байланыслы жумбақлар *«Алты аяқлы, талдан таяқлы арқасында қуйрықлы адамзаттың буйрығы»(тәрези)*. Автор жумбақлардың проза менен қосық араласып келетуғынлығы, ол да жанрлық өзгешелигиниң бирин атап өтеди. Мақалада автор жумбақларды анализлей отырып, өзгешелигиниң бирине қарсы пикирлерди билдиреди. Лекин, сол тәреплери изертлеўимизге керекли тәреплердиң бири болып табылады. Себеби, жумбақларды балалар жанры деп өз алдына илимий айланысқа тартпаған, хәм сол мәҳәлде көпшилик илимпазлардың балалардың айтысатуғын ойыны деген пикирди де атап өтеди. Қарсы пикирге автор балалардың санасына жумбақлардың кең мәнилиги сыймайтуғынлығын айтып өтеди. А.Алымов мақаласында жумбақларды эпиўайы ҳәм қурамалы жумбақлар деп еки топарға бөледи. Ол жумбақлардың поэтикалық тилин, жеке образдың жаңадан тәкирарлаўлары, метафора ҳәм теңеўлер, өзгеше сөз дизбеклери ҳәм ең тийкарғысы дәстүрлигин атап өтеди. Бизиң изертлеў жумысымызға ең жақын тәрепи автор мақаласында жаңа жумбақлардың оқыўшылар тәрепинен өзлестирилген, балалардың санасына аңсат ҳәм халықлық болып кеткен мысаллар келтиреди. Мәселен, «Қолы жоқ сүўрет салады, тиси жоқ тислеп алады»(суўық), «Еки туўылып бир өледи»(қус), русша варианты «Выше лошади, ниже собак»(седло), «Без рук без ног, а двери открывают»(ветер), қазақша варианты «Ай далада ақ отаў, аўзы мурны жоқ отаў»(мәйек). Соның менен бир қатарда қандай фольклорлық жанрды изертлемесин, оның бир тәрепи балаларға арналған. Себеби, қарақалпақ халқы көп балалы шаңарақлы халық.

**Әдебиятлар**


1. Мәмбетназаров К. Қарақалпақ ертеклерин жыйнаў ҳәм оларды басып шығарыў жағдайлары. // «Вестник» №4, 1964.
2. Ниетуллаев Т. Қарақалпақ нақыл-мақалларының совет дәўиринде дөрелиўи ҳәм раўажланыў жоллары. // «Вестник» №4,1968.
3. Курбанбаев И. Балалар әдебиятын изертлеў мәселесине. // «Вестник» №2, 1970.
4. Курбанбаев И. Қарақалпақ балалар әдебияты тарийхының очерклери. –Нөкис: 1974.
5. Алымов А. Қарақалпақ жумбақлары жанрының өзгешеликлери. // «Вестник» 1972, №1.



**РЕЗЮМЕ**

Мақолада 1960-1980 йилларда қорақалпоқ болалар фольклорини ўрганиш тарихи хақида сўз боради. Мақола муаллифи илмий нашрларни ўрганиб, ўша йилларда болалар фольклори алохида фан сифатида қаралмаган, аммо баъзи масалалар қорақалпоқ фольклорининг кичик жанрларида кўриб чиқилган деган хулосага келади. Муаллифларнинг исмлари ва мақола номи, тадқиқотнинг мазмуни ва мохияти аниқ кўрсатилган.

**РЕЗЮМЕ**

В статье рассмотрены вопросы истории исследования каракалпакского детского фольклора в 1960-1980 годы. Автор статьи изучив научные публикации приходит к выводу, что детский фольклор не рассматривалась как отдельная наука в те годы, но некоторые вопросы были рассмотрены в малых жанрах каракалпакской фольклористики. Указаны конкретные имена авторов и названия статей, содержание и сущность исследования.

**SUMMARY**

The article deals with the history of the study of Karakalpak children's folklore in 1960-1980. The author of the article, having studied scientific publications, comes to the conclusion that children's folklore in those years was not considered as a separate science, but some issues were considered in small genres of Karakalpak folklore. The names of the authors and the title of the article, the content and essence of the research are indicated.


## МЕМУАРЛЫҚ ШЫҒАРМАЛАРДА МИЛЛЕТ ЗЫЯЛЫЛАРЫ ТӘҒДИРИ

(Қ.Камаловтың мемуарлық шығармалары мысалында)


**Б.Х.Нурабуллаев –** *изленийши*

*Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети*



**Таянч сўзлар:** мемуар, тарихий мемуар, сиёсий давр, ижтимоий-сиёсий арбоб, зиёли, репрессия.

**Ключевые слова:** мемуар, исторический мемуар, политический период, общественно-политический деятель, интеллектуал, репрессия.

**Key words:** memoir, historical memoir, political period, social and political figure, intellectual, repression.


Жекке инсан тәғдири ямаса жекке тулғалардың миллеттиң жәмийетлик-тарийхый өмириндеги орнын, халқы ушын ислеген хызметлерин үйрениўде *жәмийетлик-сиясий ғайраткерлер* тәрепинен жазылған мемуарлар үлкен әҳмийетке ийе. Әсиресе, шығарма авторы жәмийетлик жумысларға мәмлекетлик дәрежеде араласса, өз дәўириниң ири мәселелерин, дәўир шынлығын анық фактлер тийкарында сүўретлейди ҳәм бундай шығармалар ҳүжжетлилик ҳәм тарийхый мағлыўматнамалық сыпаты менен өзгешеленеди.

Жәҳән әдебияты тәжирийбесинде өмири мәмлекет турмысы менен тығыз байланыслы көрнекли жәмийетлик искерлердиң мемуар жазыў дәстүри өз алдына әдебий тенденция дәрежесине көтерилген. Мәселен, АҚШтың тийкарын салыўшылардың бири Б.Франклинниң «Бенжамин Франклинниң өмири» атлы мемуар қыссасын (1728) заманласлары Ю. Цезарьдың мемуарлары менен салыстырған, ҳәттеки әмелий жақтан оннан жоқары қояды.

Ҳинд халқының жолбасшысы, «уллы кәлб ийеси» атанған М. Гандидиң «Мениң өмирим» (1927), Уллы Биртанияның премьер-министри У. Черчилльдиң «Ойлар ҳәм басымнан кеширгенлерим» (1932), «Уллы заманласларым» (1939), «Қәдембе-қәдем» (1939) ҳәм т.б. жәмийетлик сиясий ғайраткерлердиң мемуарлары да жәҳән әдебиятында өзиниң айрықша орнына ийе.

Қарақалпақ әдебиятында Қ.Камалов «Ел хызметинде», А.Қунназаров «Жети асырым» (2000), Қ.Өтениязов «Ойларыма өзеклес өмирим» (2001), С.Қаниязов «Алтын жағыс» (2006), А.Досназаров «Естен өшпес мәўритлер» (2017) сыяқлы басқа да белгили жәмийетлик-сиясий ғайраткерлер тәрепинен дөретилген бир неше мемуарлық шығармалар дүнья әдебиятындағы сол дәстүрдиң бизиң әдебиятымызда да турақласа баслағанын көрсетеди. Демек, бүгинги күнде әдебияттаныў илиминде бул мәселеге арнаўлы дыққат аўдарыў ўақты келди.

Жәмийетлик тулғалар қәлеминен дөреген мемуарлық шығармалардың ең әҳмийетли тәрепи: оларда сол дәўирдиң жәмийетлик-сиясий, социаллық-руўхый, тарийхый мазмуны терең сәўлеленеди. Биз атап өткен шығармалар арасында жигирма жылдан асламырақ ўақыт Қарақалпақстанның биринши басшысы болып ислеп, елимиздиң жәмийетлик-сиясий, экономикалық жақтан раўажланыўына үлкен үлес қосқан белгили жәмийетлик-сиясий ғайраткер Қ.Камаловтың «Ел хызметинде» (1995, 2018) мемуарлық шығармасы анық фактлер тийкарында белгили бир дәўирге тән сиясий турмыс сәўлеленген ҳәм мәмлекеттиң заманагөй сиясий искерлери ушын тарийхый тийкар болып хызмет ететуғын қунлы шығарма сыпатында айрықша итибарға ылайық.

Әдебий сында «халқымыз тарийхының шерек әсирлик бөлимине арналған үлкен илимий мийнет» [1], «тарийхый мемуар» [9] сыпатында ылайықлы баҳаларын алған бул шығармада Қарақалпақстан Республикасының экономикалық жағдайы, санаат, қурылыс, әсиресе, аўыл хожалығы тараўының раўажланыў жоллары саррас көрсеткишлер менен сөз етиледи. Мемуарда республиканың жәмийетлик-сиясий турмысы менен бирге руўхый-мәдений өмири, көркем-өнери, илим ҳәм билимлендириўге байланыслы көп ғана баҳалы мағлыўматлар берилген.

Мемуарлық әдебиятты изертлеўши Р.Винтермейер, Ф.Лежен, Ж.Ф.Миро [2] сыяқлы европа илимпазларының пикирине қарағанда, жәмийетлик-сиясий искерлер, илим ҳәм көркем-өнер ғайраткерлериниң естеликлеринде автордың жекке өмириниң тарийхы емес, бәлки дәўир биографиясы, белгили бир әўладтың өмирбаяны туўралы көбирек сөз болады.

Қ.Камаловтың да «Ел хызметинде» шығармасы 1950-жыллардағы репрессия дәўиринде мәмлекетлик искерлер, шайыр-жазыўшылардың өмириндеги булты күнлерин сөз етиўи, олардың қуўдалаўға ушыраўы ҳәм елдеги абыржы жағдайлар, сынақлы, қарама-қарсылықларға толы замандағы қарақалпақ зыялыларының маркерлерин автор өзи гүўа болған ўақыялар тийкарында белгилеп бериўи менен әҳмийетли. Онда биз, харизматикалық қәсийетке ийе жәмийет тулғаларын, идеяға ҳадаллық, инсанлардың тәбийий ҳәм руўхый сыпатларын, (мысалы: табанлылық, парасатлылық, сабырлылық) көремиз.

Мәселен, мемуарда көрнекли алым, қарақалпақ фольклоры ҳәм әдебиятын изертлеўши Нәжим Дәўқараевты сиясий жақтан айыплаў мәселесине арналған жыйналыс туўралы айтылған орынлар, қарақалпақ зыялыларының қыйын-қыстаўлы ўақытларында бир-бирин қоллап-қуўатлаўы бүгинги әўладқа да үлги боларлық сыпатлары менен айрықша әҳмийетли. Мысалы:

*«1952-жылы Нәжим ағаның тил, әдебият, тарийх институтының директоры болып ислеп атырғанына қарамастан, оны сол институттың басланғыш партия шөлкеминде миллетшил, диншил,-деп партиядан өширди. Бул мәселе қалалық партия шөлкеминде қаралғанда Әмет аға Шамуратов (сол ўақытта қалалық партия комитетиниң 2-секретары), мен (сол ўақытта қалалық атқарыў комитетиниң баслығы) екеўимиз қарсы шығып, Нәжим ағаны қоллап-қуўатладық, партияда қалдырыў ҳаққында усыныс жасадық. Бизлерге Сабыр Өтениязов (сол ўақыттағы партия комитетиниң 3-секретары), Исмайыл Султанов («Қызыл Қарақалпақстан» газетасының редакторы) қосылды. Солай етип 4 бюро ағзасы қарсы болдық. Рыжков (сол ўақыттағы қалалақ партия комитетиниң биринши секретары) және үш бюро ағзасы партиядан шығарыў ҳаққында даўыс берди. Тәреплер төртке-төрт болып мәселе шешилмей қалды. Кейин бизлерди обкомның бюросына шақырып (сол ўақытта обкомның биринши секретары А.Махмудов еди.) бул мәселени және қарады, бирақ Нәжим ағаның тәғдири шешилмей ашық қалды. Сол жағдайда Нәжим аға Дәўқараев директорлық исин даўам ете берди»* [2:443].

Миллет зыялыларының қысымға алыныўы сыяқлы бундай жағдай сол дәўирде өмир сүрген туўысқан халықлардың да белгили азаматларының улыўма, пүткил бир әўладтың өмириндеги жағдай екенлиги анық. Мәселен, Н.Дәўқараевтың биринши аспиранты болған белгили илимпаз С.Ахметов устазы туўралы еске түсириўлеринде Н.Дәўқараевтың басынан өткерген аўыр күнлер, әсиресе, оның «Қарақалпақ әдебияты тарийхының очерклери» деген докторлық жумысын жақлаўда да көп тосқынлықларға ушырағаны, бирақ атақлы қазақ жазыўшысы ҳәм илимпазы М.Әўезовтың Н.Дәўқараевтың диссертациясын додалаў жыйналысында оны қоллап-қуўатлап шығып сөйлегени, солайынша Илимий Кеңес ағзаларының пикирине тәсир еткенин айта келип:

*«50-жыллары Алма-Атада М.Әўезовқа қарсы шабыўыл күшейип, ол кисиниң Москваға келип бас сауғалап жүргенлигин, МГУ де профессор екенлигин Нәжим аға талай айтқан. ...Булар бурыннан Алма-Атадан таныс болып, Муханға қарсы шабыўыл Алма-Атада болып атырғанда, Нөкисте де Нәжим ағаға қарсы компания жаңа басланып атырған ўақытлар еди...»* [5:11] деп жазады.

Ал, М.Әўезовтың өзин бул шабыўыллардан қалай қорғағаны туўралы Қазақстан Республикасын көп жыллар даўамында басқарған Д.А.Қонаев «Өтти дәўран усылай» (1992) деген мемуарлық шығармасында былайынша еске түсиреди:

*«Бир күни мени Орайлық комитеттиң биринши секретары Ж.Шаяхметов шақырды…Ол:*

*– Әўезовты академиклер қурамынан шығарыў керек–деп қатаң талап қойды. – Орайлық Комитеттиң илимий бөлими менен Орайлық Комитеттиң секретары Сужиков алған бағытынан қайтпай, шығар да шығардың астына алып отыр… Олар менен өзиңиз сөйлесиңиз, көзиңиз жетеди, –деди.*

*Мениң бул шешимниң қәте екенлигине гүманым жоқ еди. Ойымды иркип қалмай ашық айттым.*

*– Әўезов – дара тулға. Уллы жазыўшы. Алым. Кеңес аўқамының көрнекли мәденият ғайраткери. Ол қазақ халқының ғана емес, пүткил елдиң ортақ азаматы. Ол Москва және Қазақстан университетлериниң профессоры. Жетик кадрлар таярлап берип отырған устаз.*

*–Буның бәри дурыс. Мәселе минезинде, ис-ҳәрекети туўралы болып отыр.*

*– Бизди тири жан түсинбейди, –дедим секретардың пикирин өзгертиўге тырысып. – Алымлар ғана емес, оның миллионлаған оқырманы наразы болады. Оның берги жағында Илимлер академиясының уставында академиклигинен шығарыў туўралы тәртип-қағыйда жоқ. Академик–өмирлик атақ.*

*– Жолдас Қонаев, Орайлық Комитеттиң тапсырмасын орынлаў керек,–деп Шаяхметов қабақ шытып, мәселениң тоқ етерин айтып салды…» [6:33].*

Бул сөйлесиўден кейин Д.А.Қонаев М.Әўезов мәселесин шешиў ушын Москваға ушып кетеди ҳәм сол жақта тийисли орынлар менен сөйлесип, Әўезов ҳаққында өз позициясын қорғап шығады. Мине, усы сыяқлы шығармалардағы бундай ўақыялар оқыўшыға бир жағынан, ел басшыларының лидер сыпатында өз елиниң жазықсыз жапа шеккен зыялысын қалай қорғап табанлылық көрсеткени менен өрнек болса, екинши жағынан, дәўирдиң ашшы ҳақыйқатлығын дурыс аңлап, өтмиш қәтелеринен жуўмақ шығарыўға ийтермелейди.

Қ.Камалов «Ел хызметинде» шығармасының *бир бөлими ҳәм оның логикалық даўамы болған* «Илимли елге нур жаўар» (Нөкис. «Илим»– 2000) атлы естелик китабында миллет зыялыларының халқымыз тарийхындағы орны ҳәм олардың тәғдири менен байланыслы еслеўлерин Н.Дәўқараев, Қ.Айымбетов, Т.Жумамуратов туўралы еске түсириўлери менен толықтырған [4:2].

Әсиресе, онда Н.Дәўқараевқа байланыслы мағлыўматларды кең түрде берип, қалалық партия комитети қурамындағы пикирлер тартысы ҳаққындағы мәлимлемениң областьлық партия комитетине жетип келиўи, бирақ бул мәжилисте де Н.Дәўқараевты қоллап сөйлеўшилердиң көп болыўы нәтийжесинде оны партиядан өшириў мәселеси шешилмей қалғанын, ал, оны қорғаўға ҳәрекет еткен басқа зыялылардың

(*Қ.Айымбетовтың* **Б.Н**.) өмириндеги қыйыншылықлы күнлерин сүўретлеў арқалы даўам еттиреди. Мысалы:

*«Н.Дәўқараевты қуўдалаў кең резонанс алды. Бирақ халық өз перзентин табанлылық пенен қорғады. Ол ҳаққындағы мәселе қалалық партия комитетиниң бюро мәжилисинде додаланған ўақтында жигирмадан аслам адам айнаның алдына келип, тилеклеслик билдирип турғаны республикалық Қәўипсизлик органы тәрепинен есапқа алынған. Қарақалпақ зыялылары өзлериниң лаўазымларынан, ҳәттеки, өмирин жойылтыў мүмкинлигинен де қорықпай ҳақыйқатлық ушын гүрести».*

*«...Нәжим Дәўқараевтың концепциясын түсинип қуўатлаўшылар, халықтың әсирлерден киятырған руўхый мийрасларын табанлылық пенен қорғаўшылар арасында салмақлы орын Қаллы Айымбетовқа тийисли болды.*

*Қуўдалаў ҳәм жазықсыз айыплаўлар Қаллы Айымбетовтың өзин де шетлеп өтпеди. ...*

*Нөкис қалалық партия комитети бюро мәжилисинде Өзбекстан Илимлер академиясының Қарақалпақстан экономика ҳәм мәденият институтының партия шөлкеминиң жумысы қаралып, «қанаатландырарсыз» деп табылды. Бул шөлкемниң хаткери Қ.Айымбетовты Н.Дәўқараев туўралы газета материалларын додалаў ҳаққындағы көрсетпелерди орынламай келгени ушын, орнынан босатты. Көп узамай оны институттың тил ҳәм әдебият бөлиминиң баслығы лаўазымынан босатты»* [4:40].

Мемуарда миллет зыялыларының заман қысыўметлерине қарамастан халық, келешек әўлад алдындағы парызларын умытпаўы, өзлери баслаған жолынан таймай, ҳәрқандай қыйыншылықта да өз мақсет-ўазыйпаларын орынлаўға умтылыўлары жәмийетлик-сиясий, мәдений өмирде белсенди болған искер, сол инсанлар менен заманлас автор тәрепинен объектив түрде сүўретленген.

Мемуардағы илимли, зыялы инсанлар тәғдирине байланыслы эпизодларда болса, автордың жекке тулғалық сыпаты менен бирге, оның ҳәм басшы, ҳәм инсан сыпатындағы характери де ашылады. Гейде бундай сыпатлардың ашылыўы ушын мемуардың композициясында автордың автобиографиялық яды негизинде жазылғанлардан тысқары, тарийхый, ҳүжжетли дереклер, жеке архивине, күнделиклерине, адамлардың гүўалық бериўлерине де сүйениледи.

Мысалы: «Ел хызметинде» шығармасының «Университетти ашыўға байланыслы машқалалар» деген бөлиминде автордың Қарақалпақ университетин ашыў ушын ислеген ҳәрекетлери сөз етилип, қосымша түрде Тәжен Изимбетовтың (сол ўақыттағы педагогикалық институттың ректоры) еске түсириўлери берилген. Онда Қ.Камаловтың *университет ашылыў мәселеси бойынша В.П. Елютинниң қабыллаўында он бир мәрте болғанлығы айтылады* [3:372].

Шығармада композициясындағы бул еске түсириў сол дәўирдеги өтлесип кеткен, терең тамырласқан рәсмиятшылық иллетлери менен бирге дәўирдиң сиясий арпалысларының көриниси. Соның менен бирге, сиясий искер, жәмийетлик ғайраткер сыпатында елдиң билимлендириў ҳәм илимге байланыслы ислеген табанлы, машақатлы хызметлериниң дәлили есапланады.

Мемуарда қарақалпақ халқының биринши академиги М.Нурмухамедовтың илимий тәғдирине байланыслы айтылған орынларда да мемуар авторының ел басшысы сыпатындағы харизмасы, елдиң зыялыларын қоллап-қуўатлаўдағы инсаныйлық пазыйлети сәўлеленген.

*«М.Нурмухамедов мениң кабинетимде отырғанда көзинше «ВЧ» арқалы ӨзКП Орайлық Комитетиниң секретары Р.Нишановқа телефоннан қоңыраў етип, «Марат Көптилеў улын усы 1966-жылғы академиялық сайлаўда (сол күнлери сайлаўға таярлық жүрип атыр еди) Өзбекстан Илимлер академиясына хабаршы-ағза етип сайлаўға усыныңыз ҳәм өткериўге жәрдем етиңиз, деп өтиниш еттим, себеби бизде еки хабаршы ағза бар: Я.М.Досумов–өзбек халқының, И.Сағийтов қазақ халқының ўәкили, ал қарақалпақлардан академияның қурамында ҳешким жоқ еди. Әлбетте, бул аўҳал интеллигенция арасында саўал туўғызады»– деп тартынбай ашық айттым. Сол ўақытта Р.Нишанов маған: «Ол илим кандидаты, ал академия қурамына сайланыў ушын илим докторы болыўы шәрт»– деп жуўап берди. Мен оған былай деп қарсы жуўап бердим: «Мен билемен, ҳәзирги Түркменстан ҳәм Қырғызыстан Илимлер академиясы президентлери екеўи де илим кандидатлары, олар ҳәттеки президент болып сайланған, не ушын бизиң докторлық диссертациясын Москвада жақлаған алымымыз хабаршы-ағзалыққа өтпес екен»–деген пикирди айттым»* [3:381].

Академик М.Нурмухамедов өз күнделиклериниң биринде «Қ.Камалов мениң ҳәм И.Сағийтовтың Өзбекстан Илимлер Академиясының хабаршы-ағзалығына өтиўимизде патриотлық көрсетти» деп жазып қалдырғаны ҳәм оның Қ.Камаловты Қарақалпақстанда илимниң раўажланыўын, илимий қәнигелердиң жетилисиўин қоллап-қуўатлаған басшы сыпатында унамлы баҳалағаны туўралы мағлыўматлар әкесиниң естеликлерин ҳәм күнделиклерин жыйнап баспаға таярлаған И.М.Садгян (М.Нурмухамедовтың қызы Б.Н.) тәрепинен ҳүрмет пенен тилге алынған [8:314].

Мемуардың тарийхый-фактлик әҳмийети – автор үлкен изертлеўлерге тийкар болатуғын объектлерди таңлап ғана қоймай, оқыўшыға олардың илимий-биографиясын, илимдеги бирге ислескен устазларын, илимий концепциясын кең түрде түсиндиреди. Оларды сөз ете отырып, пүткил республиканың илимий перспективасын Кеңес дәўириндеги қоңсылас республикалар менен де салыстырмалы масштабта кеңнен талқылайды. Мәселен, М.Нурмухамедов, С.Камалов, Ч.Әбдиров, Ж.Базарбаев сыяқлы алымлардың илимий дөретиўшилигине жәмийетлик-сиясий искер сыпатында қатнасын билдириўи, И.Юсупов, Т.Қайыпбергенов, Т.Жумамуратов сыяқлы жазыўшы-шайырлардың өмири, дөретиўшилигиниң идеясы, көркем шеберлиги мәселеси туўралы да китапқумар оқыўшы ҳәм ел басшысы сыпатында да пикирлерин баянлаўы мемуардың тарийхыйлық сыпатын асырады. Ҳақыйқатында да, мемуарда келтирилген мағлыўматлар исмлери тилге алынған миллет зыялыларының илимий ҳәм әдебий портретлерин жаратыў ҳәм толықтырыўда қосымша дәрек болып хызмет етеди.

Жәмийетлик сиясий ғайраткерлер тәрепинен дөретилген мемуарлар, көбинесе, илимий мийнетлерди ҳәм тарийхый фактлерди толықтырыўшы дәрек болып хызмет ететуғын шығарма болып, бундай дөретпелерди таллағанда, көплеген дипломатиялық мемуарлардың авторы И.М.Майскийдиң мына пикирлери дыққатқа ылайық: "... ҳәр бир адамды анаў ямаса мынаў дәрежеде өз дәўириниң сәўлеси деп есаплайман. Сол дәўир қаншелли мазмунлы ҳәм сол адам қаншелли белсенди болған сайын, оның мемуарлары бизиң дәўиримиздиң болажақ изертлеўшилери ушын соншелли баҳалы мағлыўмат болады" [7:3].

Қ.Камаловтың да «Ел хызмети», «Илимли елге нур жаўар» мемуарында сүўретленген миллет зыялыларының халық ушын ислеген пидайы хызметлери, белсенди ҳәрекетлери келешек әўлад ушын елимиздиң тарийхый ядын жанландырып, жаңартып турыўда көплеген изертлеўлерге тийкар болыўы сөзсиз.

**Әдебиятлар**

1. Әбдиев А. Жүрегинде – халық тәғдири. // «Әмиўдәрья» 2018, №7.
2. Wintermeyer R. Introduction // «Moi public» et «Moi privé» dans les mémoires et les écrits autobiographiques du 17e siècle à nos jours / études réunies et présentées par R. Wintermeyer en collaboration avec C. Bouillot. Mont-Saint-Aignan, 2008. P. 11-31. Lejeune P. L'autobiographie en France. 2 ed. Paris, 2004. Miraux J.-P. L'autobiographie: Ecriture de soi et sincérité. Paris, 2009. 23.
3. Камалов Қ. Ел хызметинде. -Нөкис: «Қарақалпақстан», 1995, 443-б.
4. Камалов Қ. Илимли елге нур жаўар. -Нөкис: «Илим», 2010, 40-46-б.
5. Коллектив авторлар. Нәжим Дәўқараев. Еске түсириўлер. -Нөкис: «Қарақалпақстан», 1990, 11-б.
6. Қонаев Д. Өтті дәурен осылай. -Алматы: РГЖИ Дәуир, МП. Ынтымақ, 1992, 33-б.
7. Майский И.М. Воспоминания советского дипломата. –Ташкент: «Узбекистан», 1980, -С. 3.
8. Нурмухамедов М. Прыжок. -Ташкент: «Baktriya press». 2020. –С. 314. составитель и автор предисловия И.Нурмухамедова (Садгян).
9. Уснатдинов Ш. Көргенлерим ҳәм кеўилдегилерим. -Нөкис: «Қарақалпақстан», 2009, 209-б.

**РЕЗЮМЕ**

Мақолада муаллиф мемуар асарларда миллат зиёлиларининг тақдири талқинини илмий таҳлил қилади. Мемуардаги давр сиёсати тасвирини ва асарнинг замонавий сиёсий фаоллар учун тарихий асос сифатидаги аҳамиятини илмий тадқиқ қилади.

**РЕЗЮМЕ**

В статье автор научно анализирует трактовку судьбы интеллигенции нации в своих мемуарах. Мемуары исследуют изображение политики того времени и важность этой работы как исторической основы для современных политических активистов.

**SUMMARY**

In the article, the author scientifically analyzes the interpretation of the fate of the nation's intelligentsia in his memoirs. The memoir explores the portrayal of politics of the time and the importance of this work as a historical basis for contemporary political activists.

## SOBIR O'NAR HIKOYALARIDA XARAKTER YARATISH MAHORATI

**M.Sa'dullayeva –** *assistent o'qituvchi*

*Berdaq nomidagi Qoraqalpoq davlat universiteti*

**Tayanch so'zlar:** adabiy talqin, hikoya, janr, ijodkor dunyoqarashi, ruhiyat tahlili, badiiy mahorat, rivoya texnikasi, xarakter tadriji, tasvir yo'sini, ifoda mustaqilligi, individuallashtirish, badiiy umumlashma, shakl, ma'no, obraz taqvimi, estetik ideal, baholash mezoni, idrok, nutq.

**Ключевые слова:** литературная интерпретация, рассказ, жанр, творческое мировоззрение, ментальный анализ, художественное мастерство, повествовательная техника, развитие персонажа, образный стиль, независимость выражения, индивидуализация, художественное обобщение, форма, значение, имиджевый календарь, эстетический идеал, критерии оценки, восприятие, речь.

**Key words:** literary interpretation, story, genre, creative worldview, mental analysis, artistic skill, narrative technique, character development, image style, independence of expression, individualization, artistic generalization, form, meaning, image calendar, aesthetic ideal, evaluation criteria, perception, speech.

Odatda, shaklan ixcham va ijodiy imkoniyatlari cheklangan janr sifatida hikoya hayotiy tafsilot, syujet soddaligi va xarakter mantig'ini omuxtalashtiradi. Unda inson fe'l-atvori muhim qirrasini ham individuallashtirish, ham umumlashtirish iqtidori, tasvir yo'sini va ifoda mustaqilligi uyg'unligi, talqin va tahlil o'rin almashinuvlari muntazazmligi, rivoya texnikasi va yig'iq tasavvur sintezi hal qiluvchi vazifa bajaradi. Aslida "hikoyada xarakterning ayrim chizgilarigina namoyon bo'ladi, shu bois voqeaning o'zi ahamiyatli mazmun-mohiyatni namoyon etishi uchun yaroqli bo'lishi lozim" [6:376]. Ham qahramon ruhiyati o'zgaruvi, ham voqelik tadrijini estetik idrokda qayta tiklash ijodkor badiiy mahoratiga payvandlanadi. Joriy holatda hikoyabop materialni tanlash, o'ziga xoslik va tafovutni belgilash hamda badiiy illyuziyani birlashtirish aniqligini taqozolaydi. Aynan "xolis kuzatuvchi" maqomida turadigan hikonanavis obraz holat-harakatiga daxl qilmaydi.

Yangi davr o'zbek hikoyachiligi takomilida Sobir O'nar ijodi mustahkam o'rin egallaydi. Adib adabiy talqinida tasvir ruhiyati o'ziga xosligi, ifoda qabariqligi va nutq amaliy ishlanganlik darajasi yaxlitlashadi. Bir paytning o'zida ham xarakter psixologiyasini, ham inson jamiyatdagi maqomini, ham qahramon ma'naviy-axloqiy pozitsiyasini ochib berish mayli yozuvchi uslubiy izlanishlari tabiatini belgilaydi. "Sobir O'nar asarlaridagi o'ziga xoslik xarakter xususiyatlarini ochishda qahramon nutqining jozibadorligi e'tiborlidir. "Cho'l o'rtasidagi shiypon" hikoyasi qahramonlaridan birining tili bilan aytganda "til-zabon bitib, chunon iboralar qo'llaydiki, o'quvchi bu chechanlik qaydan ekan, deb qoladi". Adibning bu hikoyasida sodda qishloq odamlarining hayoti qalamga olinadi... qahramonlar ismiga qo'shib aytiladigan laqablar ular tilining xalqonaligini yanada oshiradi. Jamiyatdagi maishiy muammolarga o'ralashib qolgan, hayotning mazmuni pul va mol-dunyodan iborat deb biladigan, birovga qilgan yaxshiligi-yu, savobini misqollab hisoblab yuradigan kimsalar bilan birga atrofimizdagi na insoniylik, na axloq normalariga to'g'ri keladigan illatlar tasvirlangan "Sarishtali odamlar" hikoyasida ham Murtoz "chestniy" obrazi orqali shunday holatlarni kuzatish mumkin" [5:121]. Muallif bitiklarida rivoya texnikasi mustaqil ijodiy vositaga tenglashashdi. Matn tili shiraligi, bir tomondan, samimiyat va tabiiylikni yuzaga chiqarsa, ikkinchi tomondan, xarakter ruhiyatini har xil miqyoslardan yoritishga zamin hozirlaydi. Nosir qalamiga mansub "Orzuga to'la qishloq" (1989), "Ovloq adirlar bag'rida" (1990), "Chashma" (1991) va "Bibisora" (2011) hikoyalar to'plamlarida inson fe'l-atvori nozik qirralarini ochib berishga moyillik kuzatiladi. Hayotiy-maishiy ziddiyatlar iskanjasida qolgan, vaziyat tajovuzida ham o'z vijdonini saqlab qololgan oddiy kishilar qismatini tasvirlashga intilish yozuvchi ijodini bezaydi. Jumladan, "Minnat" hikoyasida muallif qahramon iroda yo'nalishini monolog va dialog yordamida tahlillashga intiladi. Munosabatli nutq asar maromi, samimiyati va ifoda yoyiqligini ta'minlaydi. Hikoya matnida iqror-tavsif Abduxoliq xarakterini oydinlashtiradi:

Akamni, oradan olti yil o'tibdi vafotiga, endi-endi shunday qo'msaymanki, Xudo haqqi, agar hozir hayot bo'lganida, bo'yniga osilib to'yib, bo'kirib yig'lar edim. Odam shunday ekan-da: tirik va sog'lom yurganida xuddi mangu shunday qoladigandek, sen ham oshingni oshab, yuz yil yashab yuraveradigandek tuyulaverarkan. Talabaligimda, bir kilo konfet ko'tarib uyiga o'tardim, o'g'il-qizlarini erkalab o'tirishni xush ko'rardim [2:46].

Lavhada qahramon o'y-xayoli vositasida qayta tiklanadigan xarakter tadriji badiiy yaxlitlik kasb etadi. Adib obraz ruhiyatini tasvirlashda teranlashmaydi, biroq, shirin xotira ikki personaj qiyofasini ochib berishga xizmat qiladi. Sharoit taqozosi tufayli shafqatsiz hayot girdobida qolgan inson qismatiga mudomi mashaqqatlar hamroh! Tirikchilik o'tkazishga mahkum odamzod a'moli hamisha ko'ngil olamiga tazyiq o'tkazadi. Mayda-chuyda tafsilotlar shaxs ma'naviyatini izdan chiqaradi. Muallif aksar hikoyalarida rivoya birinchi shaxs tilida bayon etiladi. Joriy holat xarakter ruhiyati, mushohada qamrovi va iroda